

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran basa sunda di sakola, aya opat aspek kaparigelan basa anu ditepikeun nyaéta kaparigelan maca, kaparigelan nyarita, kaparigelan ngaregepkeun jeung kaparigelan nulis. Opat aspek éta kudu bisa dikawasa ku siswa dina ngamekarkeun dirina pikeun bekel hirup kumbuh di kahirupan masarakat. Sabab komukiasi dina kahirupan masarakat teu ngan saukur maké basa lisan, tapi ngawengku opat aspek éta kaasup basa tulisan (Larasakti spk., 2019). Nurutkeun Suyono (2014) nulis téh nyaéta prosés ngedalkeun pamikiran, ngolah pamikiran, jeung ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran jadi tulisan anu pinuh ku informasi, beunghar ku pamikiran, jeung solusi tina pasualan-pasualan anu bisa diidentifikasi ku anu nulisna. Nurutkeun Rahman spk. (2020) nulis mangrupa salah sahiji runtulan kaparigelan dasar anu kudu dikawasa siswa, sabab dina ngawasa nulis, siswa bakal ngawasa heula kaparigelan maca jeung kaparigelan ngaregepkeun. Ku kituna, kaparigelan nulis jadi hal anu kacida pentingna pikeun siswa, ku sabab kaparigelan nulis mindeng aya dina unggal kagiatan (Rahman, 2018)

Pangajaran nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu wajib diajarkeun di sakola, lantaran pangajaran nulis sorangan abus kana Capaian Pembelajaran (CP). Unggal kaparigelan miboga hubungan anu raket jeung kaparigelan séjénna. Nurutkeun Dalman (2016) nulis mangrupa hiji kagiatan komunikasi dina nepikeun pesen jeung informasi sacara tinulis ka batur jeung makéna basa tulis minangka média.

Dina pangajaran nulis masih aya kénéh sababaraha pasualan diantarana siswa can mampuh mekarkeun ide jeung kurangna kosa kecap anu dipikanyaho, salian ti éta kurangna minat siswa dina ngagunakeun basa Sunda dilingkungan sakola atawa lingkungan séjénna. Ramdhani (2021) Dina pangajaran basa Sunda ogé tangtu miboga tujuan sangkan bisa nyieun siswa jadi kréatif ogé rancagé dina ngagunakeun basa Sunda, boh dina wangun lisan ogé tulisan. Ku kituna, kaparigelan basa hususna nulis téh tangtu penting pisan diajarkeun dina pangajaran basa sunda di sakola. Salah sahijina pangajaran nulis téks autobiografi mampuh

ngalatih siswa dina mekarkeun ideu pikeun nyieun téks autobiografi dirina sorangan. Kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi minangka salasahiji kamampuh nu paling hésé sarta silih pakait jeung kamampuh basa nu séjén (Dwinita spk., 2019).

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasahiji kompetensi dasar nulis téks autobiografi di SMA/SMK kelas XI. ieu hal dipedar dina *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMA/SMK/MA/MAK Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017, K.D 4.6 Menulis téks biografi sederhana dengan memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah bahasa.*

Kagiatan nulis téks autobiografi mindeng dianggap salah sahiji kagiatan anu pikaboseneun, ieu hal katitén tina sikep siswa anu katinggali teu antusias nalika ilubiung dina pangajaran nulis téks autoiografi di SMA (Kusmayanti, 2019). Pangajaran basa Sunda dianggap hésé, ku sabab loba faktor nu mangaruhan kana prosés diajar. Salasahiji faktorna nyaéta lingkungan siswa anu tara ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoćna, antukna nalika guru nepikeun matéri, basa anu dipakéna basa Indonésia sangkan matérina bisa kacangkem ku siswa. Ku kituna, nalika aya kagiatan nulis maké basa Sunda, kosa kecap anu dipiboga ku siswa henteu loba.

Dina lumangsunan kagiatan diajar nulis téks autobiografi tangtuna waé aya sawatara hamabatan anu karandapan salah sahijina kamampuh siswa nu langka maké basa sunda jeung prosés diajar nu sok kaganggu ku sawatara hal. Kituna salaku guru nu mingpin prosés lumangsungna diajar kudu bisa mawakeun proses diajar sangkan saregep tur alus ogé bisa dicangking matérina ku siswa. Dumasar kana éta hal, prosés diajar tangtuna guru ditungtut rancagé dina nepikeun materi sangkan prosés diajar teu monoton jeung siswa teu babari bosen nalika diajar. Ngirutna siswa kana prosés diajar bisa dilakukeun ku guru ngaliwatan modél pangajaran atawa média pangajaran nu dipaké dina lumangsungna diajar jeung ngajar.

Salah sahiji média pangajaran nyaéta *desygnér*. Média *desygnér* mangrupa mangrupa hiji aplikasi desain grafis anu miboga mangpaat pikeun nyieun kontén

visual anu eusina mangrupa sababaraha pilihan *tools* atawa alat pikeun ngarancang gambar atawa poster, sarta mibanda ratusan *template* anu bisa ngahémat kana waktu.

Panalungtikan nu ngaguar ngeunaan média *desygnér* can kungsi dilakukeun lantaran média anu kawilang anyar. Ari panalungtikan anu nalungtik ngeunaan bahan ajar téks autobiografi geus réa dilaksanakeun, salah sahijna ku Cahyaningrum (2013) anu judulna “Pembelajaran Menulis Karangan Narasi Eksposisi (Autobiografi) Melalui Teknik Pembelajaran Tari Bambu dengan Media Tayangan Televisi “Hitam Putih Trans 7” Penelitian Eksperimen Semu pada Siswa Kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Tahun Ajar 2013/2014”. Anu hasil panalungtikanna, saméméh dibéré *treatment* ngagunakeun métode tari bambu peunteun rata-rata siswa di kelas ékspérímén nyaéta 61,36. Ari peunteun rata-rata siswa di kelas kontrol nyaéta 72,28. Ari kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* ngagunakeun métode tari bambu peunteun rata-rata siswa ngaronjat, dibuktikeun ku peunteun rata-rata siswa di kelas ékspérímén 72,28 jeung peunteun rata-rata siswa di kelas kontrol 83,96.

Sanggeus nyawang jeung ngakaji sacara pustaka, panalungtik kairut pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan média *desygnér* nu dipaké dina pangajaran nulis téks autobiografi di SMA Pasundan 2 Bandung nu dipihareup bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina diajar nulis téks autobografi.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dina ieu sub bab dipedar ngeunaan idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur yén aya sababaraha pasualan anu nyampak, nyaéta dina nulis téks autobiografi diantarana siswa can mampuh nulis dumasar kana struktur jeung masih kénéh kamalayon.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nilik kana kasang tukang di luhur, ku kituna bisa dirumuskeun masalah dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha kamampuh siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média *desygnér*?
- b. Kumaha kampuh siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung dina nulis téks Autobiografi saenggeus ngagunakeun média *desygnér*?
- c. Naha aya bédha anu signifikan antara saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygnér* ka siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung dina pangajaran nulis téks autobiografi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu kabagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Nyoko kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun néangan babandingan hasil diajar siswa saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygnér* dina matéri nulis téks autobiografi di kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Nyoko kana masalah anu geus dirumuskeun, ieu panalungtikan téh miboga tujuan husus, nyaéta:

- a. kamampuh siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung saméméh ngagunakeun média pangajaran *desygnér*.
- b. kamampuh siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung saenggeus ngagunakeun média pangajaran *desygnér*.
- c. bédha anu signifikan antara kamampuh siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung dina nulis téks autobiografi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média pangajaran *desygnér*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep dina ieu panalungtikan téh kabagi kana mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun bahan référensi dina mekarkeun pangaweruh jeung pamahaman ngeunaan média pangajaran *desygnér* utamana dina matéri nulis téks autobiografi. Minangka sumber pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan média *desygnér*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat:

- a. Pikeun Siswa dipiharep bisa ngahudangkeun sumanget diajar tur bisa leuwih aktif dina pangajaran hususna nulis téks autobiografi.
- b. Pikeun Guru dipiharep bisa jadi hiji strategi dina ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola tur bisa ngagunakeun média *desygnér* dina pangajaran séjenna.
- c. Pikeun Sakola ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran tur bisa jadi acuan guru séjén dina nilik média pangajaran.
- d. Pikeun Panalungtik dipiharep bisa nambahán élmú pangaweruh jeung pamahaman ngeunaan média *desygnér* anu patalina jeung kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi.
- e. Pikeun nu maca ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán pangaweruh jeung pamahaman ngeunaan média *desygnér* dina pangajaran nulis téks autobiografi.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dijieun sangkan panalungtik miboga patokan dina nulis kalawan ngagunakeun wangun skripsi. Ieu skripsi disusun jadi lima bab anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan, mangpaat, jeung raraga tiori dina ieu panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan média pangajaran, nulis, téks autobiografi jeung média *desygnér*.

Bab III Métode, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar jeung ngajéntrékeun hasil tina panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina medar ngeunaan kacindakan tina hasil panalungtikan, rékoméndasi ka panulis, jeung implikasi média *Desygnér* pikeun guru jeung nuséjénna dina prosés ngajar jeung diajar, hususna dina pangajaran nulis téks autobiografi.